**Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение**
**«Ашильтинская средняя общеобразовательная школа»**
**Унцукульского района**

---

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| Руководитель МО | Зам.директора по УЧ. | Директор МКОУ "АСОШ" |
| _______________ | _______________ | _______________ |
| | Дарбишев С.М. | Магомедшапиев М. И. |
| от «7» сентября 2023 г. | от «7» сентября 2023 г. | от «7» сентября 2023 г. |

# Рабочая программа
# по Литературному чтению
# (аварский)
# 2 класс

## на 2023-2024 учебный год

## учитель: Магомедова П. М.

**с.Ашильта 2023 г.**

# Программаялъул баян

## 2 саг1ат анкьида жаниб (кинабниги 68 саг1ат)

## Т1ехь – «Литературияб ц1али». 2 класс. Г1аммаб лъай кьолеб школалъул ц1алул пособие. Автор Х1.С. Вакилов. Москва Санкт-Петербург , Просвещение 2019

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги Х1.С. Вакиловасул авторскияб программаги кьочIое росун.

Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби. Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ.

Миллиял школазда рахьдал мацI малъиялъул аслияб мурад буго бацIцIадаб литературияб мацIалда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе цIалдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги), мацI борцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва гIелмияб литература цIали ва бичIчIи.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цIалдохъаби битIун бичIчIун тIехь цIализе, берцинго хъвазе, бацIцIадаб литературияб мацIалъ кIалъазе, гаргадизе ругьун гьари.

Гьелъул мурадалда гIуцIараб буго байбихьул классазе хIисаб гьабураб гьаб программаги. Программаялда гъорлъе уна цоцазда рухьарал , амма жалго жидедаго чIарал гьадинал бутIаби:

**1).** Хъвай-цIали малъи, класстун къватIисеб цIали ва калам цебетIезаби;

**2).** ЦIали классалдаги класстун къватIисеб цIали ва калам цебетIезаби;

**3).** Фонетика, грамматика, битIунхъвай ва калам цебетIезаби.

ЦIикIкIун кIвар кьезе ккола калам цебетIезабиялде, ай авар мацIалъул дарсида мугIалимасулги лъималазулги пикру буссине ккола гIемер хIалтIизарулел рагIаби лъазариялде, гьелги гьоркьоре ккезарун, предложениял гIуцIизе, предложенияздаса хабар хурхине ругьунлъиялде (бицунги, хъванги).

Гьеб масъала тIубаялъ рес кьола бицунебги цIалулебги асаралъул аслияб магIна босизе рахьдал мацIалда босизе пикру гьабизе ва гIенеккаразда бичIчIулеб куцалда кIалъазе. Лъималазул калам цебетIезабиялда цадахъ байбихьул классазда авар мацI лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал тIуразе. КIиабилеб классалда лъималаз гIисинал текстал захIматал рагIаби слогалккун цIалула. ЦIалул хехги тIоцебесеб классалда данде ккун, цо минуталда жаниб 50-60 рагIуде бахина. К1иабилеб классалъул цIалдохъабаз гIисинал харбал жидецаго цIализе байбихьула. Тексталда тIад гьабулеб хIалтIи дагьабги гъварид гьабула, ай мугIалимасул кумекалдалъун. Ц1алдохъабаз ц1алараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула, героязе къимат кьолел рагIаби ва предложениял рихьизарула. Лъималазул кIвар буссинабула каламалъул культура борхизабиялде, рагIул нахърател бечед гьабиялде.

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.
2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай кIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.
3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
4. ЦебетIун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.
5. ЦIалиялдехун интерес бижизаби.
6. Обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул ва гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб)ритIухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучIалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIебхасиятги цебетIезаби
7. Эстетикиял бичIчIиял, хIажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.
8. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
9. ГIел бащадазда ва цIикIкIаразда цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
10. ХIинкъи гьечIеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гIумру гьабизе мурад лъей; творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби; материалиял ва рухIиял бечелъабазул тIалаб-агъаз гьабизе бажари.

**Метапредметиял хIасилал**

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъул къагIидаби ралагьизе бажари.

2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIазде балагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.
3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.
4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулал масъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.
5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеб бакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизари.
6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиял стилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.
7. Цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъун тIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикрузагьир гьабизеги бажари, ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.
8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къай гьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъон кколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезеги бажари.
10. Лъилниги рахъ кквечIого, щивас загьир гьабураб пикруги хIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе бажари.
11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичIчIиял лъай.
12. ЦIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIилла бичIчIизеги, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизеги бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.
2. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.
3. Авар мацIалъул (битIунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагIидабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.
4. Инсанасул гражданлъи ва гIаммаб культура бихьизабулеб гIаламат хIисабалда битIараб кIалзул ва хъвавул каламалдехун лъикIаб бербалагьи букIинаби.
5. ЗахIматал гурел текстал гIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда
кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.
6. ГъалатIал гьечIеб хъвай-хъвагIаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичIчIи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва

битIунхъваялъул къагIидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гъабизе бажари.
7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацIалъул аслиял бутIабазул, гьезул гIаламатазул ва гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.
8. МацIалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутIаби ратIа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

**ЦIалиялъул рахъалъ цIалдохъабазул лъугьине кколеб бажари.**

**ЛъагIалил бащалъи.**

ГъалатIал риччачIого, текстал дурун, чвахун цIализе. Минуталда жаниб 35-40 рагIи кколеб хехлъиялда цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабичIеб текст цIализе.

**Л ъагIалил кIиабилеб бащалъи.**

БитIун, чвахун, рагIаби, слогазде рикьичIого цIализе. Минуталда жаниб гIага-шагарго 50-60 рагIи бугеб цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабичIеб текст цIализе. Логикияб ударенияги лъун кколелъул лъалхъиги гьабун, битIун, чвахун текст цIализе.

**Тексталда тIад хIалтIи гьаби. Бухьараб калам.**

МугIалимас бицараб жоялъул ва тIехьалдаса цIалараб тексталъул магIна босизе. ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жаваб кьезе. Малъарал ва жинцаго цIаларал гIисиналго асаразулъ рехсарал лъугьа- бахъиназул тартиб ракIалда чIезабизе, героязул ишазе ва рагIабазе битIараб къимат кьезе.

Гара-чIвариялда гIахьаллъизе. Жинцаго суалал кьезе, малъарал асаразда тIасан лъурал суалазе къокъгоги гIатIидгоги суалал кьезе.

Текст бутIабазде бииххизе, гьезда цIарал лъезе, цIалараб жоялъул аслияб магIна загьир гьабизе (мугIалимасул кумекалдалъун ).

МагIна гIагарал рагIаби данде кквезе; рагIул магIна баян гьабизе, цо-цо рагIабазул гIемер магIна букIин лъазе; мугIалимасул кумекалдалъун тексталъул героязул, тIабигIаталъул, лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бицунел рагIаби ва предложениял рихьизаризе. Практикияб къагIидаялъ маргьаби, харбал, кучIдул ратIа гьаризе. ЛъагIалида жаниб 7-8 кечI рекIехъе лъазабизе.

**ЦIали ва калам цебетIезаби** (анкьида жаниб 1сагIат кинабниги 34сагIат).

**ЦIалул тематика.**

**Рии ракIалде щвезаби.**Риидал магIарул тIабигIаталъул бицунел харбал ва кучIдул. ЧIахIиял гIадамаз ва лъималаз гьарулел пайдаял хIалтIабазул бицунел асарал.

**Меседилаб хасалихълъи.** Хасалихъ тIабигIаталъул ва гьеб цIуниялъул, бачIин бакIариялъул ва ахакь, хурзабахъ гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ къокъал, пасихIал харбал ва кучIдул. ТIабигIаталде экскурсия.

**Х1анч1иги х1айваналги-- нилъер гьудулзаби.**ХIайваназул ва хIанчIазул хIакъалъулъ кучIдул, харбал, маргьби ва биценкIаби. Гьел цIуниялда ва гьезул гIумруялда, батIербахъиялда тIасан гара-чIвари.

**Эркенаб захIмат-г1умруялъул кьуч1**. ЗахIматалъул, батIи-батIияб махщалил, гьединго лъималазул гIумруялъул ва пайдаял ишазул хIакъалъулъ асарал. Лъималазул рукIа-рахъиналда, хьвада-чIвадиялда тIасан гара-чIвари.

**Лъималазул гIумру ва гьезул ишал.** Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кицаби ва абиял. Лъималаз цоцазе ва чIахIиязе гьабулеб кумекалда тIасан гара-чIвари.

**Хасел — лъималазе рохел.** Хасалил гIаламатазул, цIияб соналде гьабулеб хIадурлъиялъул, хасало лъималаз гьарулел расандабазул, хIайваназ ва хIанчIаз хасел тIамулеб куцалъул бицунел асарал. Хасалил тIабигIаталде экскурсия.

**Хъизан ва школа.** Хъизаналъул ва школалъул, кIудиязулги гIисиназулги цоцадехун букIине кколеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал.

**Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал.** КIиабилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал захIматалъул, хIайваназул, гIажаибал лъугьа-бахъиназул, лъикIлъи — квешлъиялъул бицунел халкъиял маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял ва биценкIаби

**ЛъикIлъи, хIалимлъи, хIурмат.** ГIадамазул лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, цоцазе гьабулеб хIурматалъул, яхI-намус бугел унго-унгоял гIадамазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул.

**Т1абиг1ат берцинаб их.** Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел расандабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил байрамазул бицунел асарал (8 Март, оцбай ва гь.ц.) Ихдалил тIабигIаталде экскурсия.

**Нилъер ВатIан.** ВатIаналъул, шагьаразул ва росабазул, гьаваялда, ралъдада ва ракъдада бахIарчилъи бихьизабурал Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал. Экскурсия «Нилъер росу», «Нилъер район».

**Росу.** Росдал тIабигIаталъул, гIадамазул гIумруялъул, гьез гьарулел хIалтIабазул, гIухьбузул, рекьарухъабазул, ахихъабазул хIакъалъулъ асарал.

**Учебно-тематический комплект:**

2класс «Литературияб ц1али» - Х1.С.Вакилов
Дарсазул планал 2 класс, Авар калам – С.М.Мух1умаева.

| № | Тема | Часы | Вид контроля | Домашнее задание |
|---|---|---|---|---|
| 1 | *Малъе, эбел, рахьдал мац1.* | 1 | текущий | Гь 4 рек1ехъе лъазе |
| | **Рии рак1алде щвезаби.( 4 ч)** | | | |
| 2 | *Каникулазда .Т1угьдул.* | 2 | текущий | Гь5-8 пасих1го ц1ализе |
| 3 | *Г1айиб ккараб гъвет1. Ц1ад. Цо къоялъ риидал.* | 2 | текущий | Гь 9 кеч1 рек1ехъе лъазе |
| | **Меседил хасалихълъи.( 6 ч)** | | | |
| 4 | *Хасалихълъи . Магъида т1аде т1огьилаб катан рехана. Дие бокьула хасалихълъи* | 2 | текущий | Гь11 рек1ехъе лъазе |
| 5 | *Рорживалда цебе. Хасалихълъи – художник. Хасалихълъи.* | 2 | текущий | Гь17-18 рек1ехъе лъазе |
| 6 | *Бук1араб ц1акъаб заман. Хасалихълъиялъул гьури.* | 2 | текущий | Гь19-21 ц1ализе |
| | **Х1анч1иги х1айваналги – нилъер гьудулзаби ( 6 ч )** | | | |
| 7 | *Гьит1инав вехь. Тайи .* | 2 | текущий | Гь25 пасих1го ц1ализе |
| 8 | *Хъазги церги. Сундуе щиб бокьулеб? Руз.* | 2 | текущий | Гь28- 29 ц1ализе |
| 9 | *Г1анк1удал т1анч1азул кеч1. Музыкант . Боржун ана х1инч1.* | 2 | текущий | Гь 33 пасих1го ц1ализе |
| | **Эркенаб зах1мат-г1умруялъул кьуч1.( 8 ч)** | | | |
| 10 | *Чед . Воре, чед г1одобе рехуге. Гьабураб гурони батуларо. Наги т1ут1ги.* | 2 | текущий | Гь35 рек1ехъе лъазе |
| 11 | *Дун к1удияв г1ун вуго. Лена. Гьабич1ого х1алт1и бокьулев.* | 2 | текущий | Гь 41 рек1ехъе лъазе |
| 12 | *Гьаз диеги гьабула кумек.Сулахъ. Векьарухъанги васги.* | 2 | текущий | Гь43-44 ц1ализе |
| 13 | *Х1ажи вук1ине ккола лъик1авчи.Эркенлъи Квенги рат1лидаго релълъараб бук1ун батила* | 2 | текущий | Гь48-49 ц1ализе |
| | **Лъималазул г1умру ва гьезул ишал.( 6 ч )** | | | |
| 14 | *Ц1алдохъан. Бах1арчияб иш. Макьилъ.* | 2 | текущий | Гь 51 рек1ехъе лъазе |
| 15 | *Сапар. Дир ясалъул кеч1. Ц1акъаб дару.* | 2 | текущий | Гь58 рек1ехъе лъазе |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 16 | ***Дада ч1ахъаяй. Мурад х1инкъуч гуро. Мокъокъил т1анч1и.*** | 2 | текущий | Гь55-57 рек1ехъе лъазе |
| | **Хасел – лъималазе рохел.( 6 ч )** | | | |
| 17 | ***Хасел. Г1азу. Хасалил гьури. Дуда лъалебищ? Ц1ияб сон.*** | 2 | текущий | Гь 70 рек1ехъе лъазе |
| 18 | ***Нижер рохел. Г1азу байдал х1анч1и. Хасел.*** | 2 | текущий | Гь74 рек1ехъе лъазе |
| 19 | ***Маг1арухъ хасел. Гьаб кинаб г1алхул х1айван! Рохьоб хасел.*** | 2 | текущий | Гь79-80 х1асил бицине |
| | **Хъизан ва школа. ( 6 ч )** | | | |
| 20 | ***Дир дах1адада. Унго-унгояв гьудул. Савдат – санитарка.*** | 2 | текущий | Гь 84 ц1ализе |
| 21 | ***Нич. Т1оцебе хъвалеб раг1и. Ц1алдохъанасде кагъат*** | 2 | текущий | Гь88-89 пасих1 го ц1ализе |
| 22 | ***Щибаб жоялъе жинди-жиндир бак1Гьале дун к1удияв г1ун вугоЧанк1к1араб къадако*** | 2 | текущий | Гь 92-94 х1асил бицине |
| | **Халкъалъул к1алзул гьунаралъул асарал ( 6 ч )** | | | |
| 23 | ***Бицанк1аби. Кицаби ва абиял. Бицардаби. Борхьилги царалги къиса.*** | 2 | текущий | Гь99-100 х1асил бицине |
| 24 | ***Бекерун кету бач1анила. Х1анч1ил г1акълу.*** | 2 | текущий | Гь102-103 х1асил бицине |
| 25 | ***Ханасулги 13 сон барай ясалъулги г1акълу. Царал диван.*** | 2 | текущий | Гь106-107 х1асил бицине |
| | **Лъик1лъи, х1алимлъи, х1урмат.( 4 ч)** | | | |
| 26 | ***8 март. Эбелги лъималги. Дида гуро абун бук1араб. Цояв киназего г1оло, киналго цоясе г1оло.*** | 2 | текущий | Гь113-115 х1асил бицине |
| 27 | ***Дир гьеб бац1ида рак1 гурх1ана. Рит1уч1ил т1инч1.*** | 2 | текущий | Гь117-120 х1асил бицине |
| | **Т1абиг1ат берцинаб их.( 4 ч)** | | | |
| 28 | ***Их бач1ана. Их . Ихдалх1инч1.Гагу.*** | 2 | текущий | Гь рек1ехъе лъазе |
| 29 | ***Гъоркьан жага, т1асан баг1ли Г1ажаибаб гъвет1.Ихдалил г1аламатал*** | 2 | текущий | Гь130-131 х1асил бицине |
| | **Нилъер ват1ан. ( 8 ч)** | | | |
| 30 | ***Ват1ан. Дагъистан. Шамил имамасул васият. Шамилил г1олохъанлъи.*** | 2 | текущий | Гь135-136 ц1ализе |
| 31 | ***Бергенлъиялъул къо. Ралъдал вас. Совет солдатасе памятник.*** | 2 | текущий | Гь140-142 х1асил бицине |
| 32 | ***Эбел тарасе рогьо. Эркенлъиялъул хиралъи. Дир ракь.*** | 2 | текущий | Гь142-143 рек1ехъе лъазе |
| 33 | ***Нилъер ват1ан.Халкъазул гьудуллъи. Щибха кколеб лачен?*** | 2 | текущий | Гь144 рек1ехъе лъазе |
| | **Росу. (2 ч)** | | | |
| 34 | ***Маг1арул росу. Лъик1аб х1алт1и.*** | 2 | текущий | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 35 | ***Такрар гьаби*** | 1 | текущий | |
| | ***Кинабниги :                    68 саг1ат*** | | | |